

Kesyonnè CRAFFT 2.1+N

Pou pasyan an reponn

Tanpri di **laverite** nan repons pou tout kesyon yo; repons ou yo pral rete **konfidansyèl**.

Nan 12 MWA KI FENK PASE yo, pandan konbyen jou ou te:

1. Konn bwè plis pase kèk gòje byè, diven, oswa nenpòt bweson ki gen **alkòl**? Reponn "0" si se non.

kantite jou

2. Sèvi ak **mariwana** (kanabis, lwil, lasi, ke ou fimen, vapè, tranpe, oubyen grenn) oswa "**mariwana sentetik**" (pa egzanmp "K2" oswa "Spice")? Reponn "0" si se non.

kantite jou

3. Sèvi ak **oken lòt bagay pou ka vin high** (pa egzanp, lòt dwog ilegal, ke ou manje medikaman san preskripsyon, ak bagay ou ka respire oswa huff, vapè, ou enjekte)? Reponn "0" si se non.

kantite jou

4. Sèvi ak yon machin **vapè*** ki gen nikotin ak/oubyen gou, oubyen sèvi ak nenpòt pwodwi **tabak†**?

*Tankou sigarèt elektronik, mòd, aparèy pòd tankou JUUL, machin vapè ki jetab tankou Puff Bar, plim vapè, oubyen ouka elektronik. †Sigarèt, Siga, ti sigarèt, ouka, tabak ou moulen, siffle, fon, oubyen film nikotin.

kantite jou

LI ENSTRIKSYON SA YO ANVAN OU KONTINYE:

- Si ou mete "0" nan TOUT bwat ki anlè yo, **REPONN KESYON 5 PA ANBA, EPI SISPAAN.**
- Si ou mete "1" nan youn oubyen plis pou **Kesyon 1, 2, oubyen 3** anlè, **REPONN KESYON 5-10 PA ANBA.**
- Si ou mete "1" nan youn oubyen plis pou **Kesyon 4** anlè a, **REPONN TOUT KESYON KI DÈYÈ PAJ LA.**

Antoure youn

5. Èske ou te janm nan yon OTO epi chofè a (menm si se ou menm) te nan yon eta pou l "santi l ap plannen anlè (high)" oubyen chofè a te bwè alkòl oswa pwan dwòg?

NON

WI

6. Èske ou konn bwè alkòl oswa pran dwòg pou DEKONTRAKTE W, oswa pou w santi ou pi alèz ak tèt ou, oswa pou w fè tankou lòt moun ki avèk ou?

NON

WI

7. Èske ou janm bwè alkòl oswa pran dwòg pandan pa gen lòt moun avèk ou, kidonk pandan ou **POUKONT OU**?

NON

WI

8. Èske ou konn **BLIYE** sa ou te fè pandan ou t ap bwè alkòl oswa pran dwòg?

NON

WI

9. Èske **FANMI** oswa **ZANMI** ou janm di w li lè pou ou bwè mwens oswa pran mwens dwòg?

NON

WI

10. Èske ou janm gen **PWOBLÈM AK LÒT MOUN** pandan w ap bwè alkòl oswa pran dwòg?

NON

WI

REMAK POU ANPLWAYE NAN KLINIK AK POU DOSYE MEDIKAL:

Enfòmasyon ki ekri nan paj sa a anba pwoteksyon règleman sou konfidansyalite (42 CFR, 2yèm Pati); règleman sa yo defann bay moun enfòmasyon sa yo, sòf si gen yon otorizasyon ekri dirèk pou sa.

Kesyon sa yo mande'w sou kijan ou sèvi ak machin vapè ki gen nikotin ak/oubyen gou, oubyen si ou sèvi ak pwodwi tabak*. Antoure respons ou pou chak kesyon.

	Antoure youn	
	WI	NON
1. Eske ou janm eseye KITE sèvi ak yo, men ou pat kapab?	WI	NON
2. Eske ou sèvi ak vapè oubyen tabak KOUNYE A paske li trè difisil pou kite'l?	WI	NON
3. Eske ou janm santi ke ou gen yon ADIKSYON a vapè oubyen tabak?	WI	NON
4. Eske ou janm gen ANVI ki fò anpil pou sèvi ak vapè oubyen tabak?	WI	NON
5. Eske ou janm santi ke ou te vrèman BEZWEN pou sèvi ak vapè oubyen tabak?	WI	NON
6. Eske li di pou kapab kenbe tèt ou de vapè oubyen sèvi tabak nan PLAS kote ou pa ta sipoze, tankou lekòl?	WI	NON
7. Lè ou PA sèvi ak vapè oubyen tabak pou yon tan (oubyen lè ou eseye sispann sèvi)...		
a. eske ou wè ke li te difisil pou KONSANTRE paske ou pat ka sèvi ak vapè oubyen sèvi ak tabak?	WI	NON
b. eske ou te santi'w pi IRITE paske ou pat ka sèvi ak vapè oubyen sèvi ak tabak?	WI	NON
c. eske ou te santi yon BEZWEN ki fò oubyen yon anvi pou sèvi ak vapè oubyen tabak?	WI	NON
d. eske ou santi ke ou NÈVE, ajite, oubyen anksye paske ou paka sèvi ak vapè oubyen tabak?	WI	NON

**Referans*

Wheeler, K. C., Fletcher, K. E., Wellman, R. J., & DiFranza, J. R. (2004). Screening adolescents for nicotine dependence: the Hooked On Nicotine Checklist. *J Adolesc Health, 35*(3), 225–230;

McKelvey, K., Baiocchi, M., & Halpern-Felsher, B. (2018). Adolescents' and Young Adults' Use and Perceptions of Pod-Based Electronic Cigarettes. *JAMA Network Open, 1*(6), e183535.

© John R. Knight, MD, Boston Children's Hospital, 2020.

Reproduced with permission from the Center for Adolescent Behavioral Health Research (CABHRe), Boston Children's Hospital.

crafft@childrens.harvard.edu www.crafft.org

For more information and versions in other languages, see www.crafft.org.